



FAST

EVALYASYON REFLEKSYON ELÈV FLORIDA (FLORIDA ASSESSMENT OF STUDENT THINKING, FAST)

Tès Adaptif pa
Òdinatè yo (Computer
Adaptive Tests, CAT):

- Fè yo Anliy
- Ajistab an fonksyon repons elèv la
- Kontni nivo eskolè a sèlman (pa ale pi ba pase nivo eskolè a)
- Itilize pou Literati Lang Anglè (English Language Arts, ELA) FAST, Matematik ak Fen Kou (End of Course, EOC) Referans pou Ekselans Refleksyon Elèv (Benchmarks of Excellent Student Thinking, B.E.S.T.) Baze sou **Estanda B.E.S.T.** Florida yo OSWA baze sou presedan rezulta Tès **FAST** yo

ENFO FAST pou ELÈV *Konsej pou Reyisit*

2024-2025

Pran **TAN** ou epi bay **MEYÈ** nan sa ou gen nan ou pou **CHAK** eleman anvan w ale sou pwochen kesyon oswa seri kesyon an.

Ou **DWE** reponn **CHAK** kesyon avèk **PI BON** sipozisyon eklere ou anvan ou kontinye, men ou ka siyale yon kesyon ou ta renmen retounen sou li epi revize nan fen tès la.

Toutotan l ap pi difisil, se toutotan w ap **PI BYEN** degaje w! Plis ou reyisi nan kontni estimilan an se plis w ap jwenn yon nòt ajiste ki **PI WO**.

Ofri **MEYÈ** nan sa ou gen nan ou epi pran **TAN** ou pou reponn chak kesyon. Si ou pa konnen repons lan pou yon kesyon, fè **PI BON** sipozisyon eklere ou daprè enfòmasyon ou genyen yo.